

# TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA XXV

20 SEPTEMBER 2020

GEREJA KRISTEN JAWA AMBARRUKMA

1. **Pacawisan : Imam mimpin pandonga ing konsistori**

2. **Liturgos** : “Bapak, Ibu saha Sadherek kinasih wonten ing Gusti Yesus Kristus, ingkang nindakaken pangibadah wonten dalem, Pradataning Pasamuwan ngaturaken sugeng pinanggih malih, mugimugi sadaya tansah kaparingan kasarasan lan kekiyatan, sanadyan dereng saged nglampahi padatan kanthi normal, lan kedah tansah njagi kebiasaan baru kanthi protokol kesehatan. Saderengipun pangibadah kawiwitan, kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos GKJ Ambarrukma, Minggu 20 September 2020, ingkang mekaten suraosipun: **(Maosaken Pawartos Pasamuwan...)**. Jangkeping pawartos saged dipun waos lumantar pawartos online ingkang saged kaunduh kanthi QR Code ingkang dipun tayangaken wonten ing wiwitan pangibadah punika.”  
“Pasamuwan kinasih, kanthi bingahing manah sumangga kita purwakani pangibadah punika kanthi ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 28 : pada 1 lan 4 - Suci, Suci, Suci....**Pasamuwan kula aturi jumeneng”

(1) Suci, suci, suci pinuji Hyang suci.  
Allah Mahamulya kang jumeneng Raja.  
suci, suci, suci pinundhi Hyang Widi  
titah sadaya memuji samnya.

(4) Suci, suci, suci, nggih Gustining gusti,  
anglairken srira tumedhak mring donya,  
nucèkken manungsa kang pitados yekti.  
Yogya pinuji langgeng slaminya.

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan**

*(Pasamuwan Jumeneng)*

Pendeta : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten :  
Sadaya : **Pitulungan kawula pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**  
Pendeta : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu lan sadherek sadaya.  
Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**  
Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /  
A min, A min, A min.**

4. **Lektor : maosaken Sabda Introitus : Filipi 1 : 21 - 30**

*(Pasamuwan Lenggah)*

Lektor : **“Mekaten sabdanipun Gusti”**  
Jemaat : **“Puji sokur konjuk Gusti”**

5. **Liturgos** : “Pasamuwan kinasih, mboten kendhat Gusti tansah paring sabdanipun, bilih kados pundi kemawon kahananipun gesang, kita kedah nyambut damel ingkang ngasilaken woh. Sumangga kita memuji asmanipun Gusti kanthi ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 334 : pada 1 “Aja Sumelang”**

Aja sumelang bab uripmu, ywa uwas ing kalbu  
Yèn pepeteng nglimputi ati, ngayoma mring Gusti.  
Allah yèku Rama, ngreksa sira salaminya.  
Pasrah sumaraha, mrih tentrem raharja.

6. **Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Wahyu 2 : 2 - 5**

7. **Imam : Pacawisan Pamratobat**

“Bapak, Ibu, lan Sadherek-sadherek kagunganipun Gusti, Gusti Allah punika pirsa punapa kemawon ingkang sampun kita tindakaken. Gusti Allah pirsa nalika kita sami nindakaken jejibahan minangka umatipun, kanthi nyanggi panandhang mikul salibipun, Gusti ugi pirsa nalika kita sami keplorod wonten ing jurang kanisthan. Pramila sumangga kita cawisaken manah, nyuwun sih wilasanipun Gusti, kanthi lumebet ing pandonga pamratobat awit karingkihan kita. Kita purwakani kanthi ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 52 : pada 1 “Gusti Saestu Kula Nelangsa”**

Gusti sestu kula nalangsa, awit asring mbalela,  
damel sekel galih Paduka, kelu ombyaking donya.  
Dhuh Gusti, kawula nyuwun apura, sinucekken sing dosa.  
Mugi manah kula kaenggalna, mituhu Paduka.

8. **Imam: Pandonga Pamratobat**

**Sumangga kita sowan Gusti lumantar pandonga pamratobat:**

“Gusti Allah tukung kadarman, kanthi andhap asor kawula sowan wonten Ngarsa Paduka, ngrumaosi bilih kawula punika tiyang ingkang ringkih, tanpa daya lan kekiyatan kagem nuladhani punapa ingkang sampun Paduka wucalaken dhumateng kawula. Sanadyan mboten kirang anggen kawula ngupadi supados saged nyembadani dhawuh Paduka, namung kawula asring keplorod wonten ing kanisthan. Pramila Gusti, Paduka sucekaken kawula, kabiratna sedaya dosa kawula, satemah tukung karaharjan tansah rumentah ing gesang kawula. Atur pamratobat kawula punika, kawula kunjukaken wonten Ngarsa Paduka linambaran ing Sang Kristus, Juru Wilujeng kawula ingkang sejatos. Amin.”

9. **Pendeta : Sabda Pawartos Sih-Rahmat : Yakobus 1 : 12 - 15**

10. **Pendeta : Pangatag-atag Gesang Anyar : Yakobus 1 : 26 - 27**

11. **Liturgos** : “Pasamuwan kinasih, sinten kemawon ingkang setya dhumateng Gusti Allah, temtu tanggon sanadyan wonten ing pacoban gesang. Pramila, sumangga kita tingkataken anggen kita mbangun nindakaken pangibadah ingkang murni tanpa cacad, satemah karahayon mboten tebih saking gesang kita. Sumangga kita ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 345 : pada 1 “Nadyan Kula Amicara”** minangka kesanggaman kita..... (*Pasamuwan kula aturi jumeneng*)

Nadyan kula amicara ing saliring basa,  
nanging sepi raos tresna kula sèstu nglaha.  
Kula winulanga tresna kang sejati,  
murih tansah setya nulada mring Gusti,  
kasagedna tresna kanthi trusing ati  
dhateng Allah miwah sesami.

12. **Wedharing Sabdanipun Gusti**

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) **Pendeta** : maosaken **MATEUS 20 : 1 - 16**

b) **Pendeta** : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**

**Pasamuwan : 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |  
Hale-luya Hale-luya Hale - lu - ya**

- c) Tema : *“Pangibadah Wujud Pangrimatipun Gusti”*
- d) Tujuan : **Jemaat dapat mengimbangi pemeliharaan Allah melalui kesetiaannya menjalani ibadah harian.**

**13. Imam : mimpin kempaling Pisungsung**

“Pasamuwan ingkang kinasih, sasampunipun mirengaken sabdaning Gusti ingkang sampun kawedhar, sumangga kita ngaturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken kanthi sae kagem kamulaynipun Gusti. Atur pisungsung kinanthen sabdanipun Gusti minangka tetalesing atur panuwun, sinerat ing **I Babad 29 : 14**, ingkang mekaten suraosipun : **“Amargi sinte ta kawula punika saha punapa ta bangsa kawula punika, dene kawula sami saged ngunjukaken pisungsung manasuka kadosdene sapunika punika? Awit saking Paduka pinangkanipun samukawis sedaya saha inggih saking asta Paduka piyambak pinangkanipun pisungsung ingkang sami kawula ujukaken dhumateng Paduka punika.”**

Kempaling pisungsung kinanthen repening **Kidung Pasamuwan Jawi 390 : pada 1 “Gunakna Wektumu Paringe Gusti”**

Gunakna wektumu paringe Gusti,  
 wit uripmu cekak pindha kembang.  
 Endi barang langgeng ing donya iki,  
 amung katresnan ywa nganti ilang.

Barang kang ana, isining donya;  
 saguning kang endah bakal musna.  
 Mung katresnan mu demi Sang Pamarta,  
 gedhe ajine tan bakal sirna.

**14. Pendeta : Pandonga Syukur lan Syafaat**

**15. Liturgos :** “Pasamuwan kula aturi jumeneng lan sumangga kita nglairaken pangaken dhumateng Gusti sesarengan kaliyan umat ing salumahing bumi, kanthi **Pangaken Pitados Rasuli** ingkang mekaten....

- a) **Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.**
- b) **Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.**
- c) **Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.**
- d) **Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.**
- e) **Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.**
- f) **Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,**
- g) **Saking ngriku inggih badhe rawhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.**
- h) **Kawula pitados dhateng Roh Suci.**
- i) **Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.**
- j) **Punapa-dene pangapunte ning dosa.**
- k) **Tangnipun raga.**
- l) **Sarta gesang langgeng.**

**16. Pendeta : Paladosan Berkah**

17. **Liturgos** : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken gunging panuwun dhumateng Pdt. Fendi Susanto lan sadaya paraga ingkang nyengkuyung lampahing pangibadah sae punika, PPJ, Organisa, Lektor, saha Tim Multimedia.  
Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika, kondur kalayan nyuraosi sabdaning Gusti lan matrapaken wonten ing gesang padintenan. Pangibadah katutup kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 459 : pada 1 - Pinujia Allah Sang Rama**”

Pinujia Allah Sang Rama  
wah Sang Putra lan Roh Suci;  
purna pangabekti anèng gréja,  
ngrasuk gesang saben ari.

Payo nindakna kang trusing ati  
sabdaning Gusti sung gesang yekti,  
sinartan déning berkah ing Gusti,  
sung sih rahmat mring sesami.

18. **Liturgos** : “Pasamuwan kinasih, pangibadah minggu punika sampun purna, sumangga kita tansah jagi kasarasan kanthi netepi protokol kesehatan wonten ing gesang padintenan. Gusti tansah mberkahi kita sadaya. Sugeng dinten Minggu.”